



Pou Piblikasyon Imedya: 4/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**AVAN JOUNEN VETERAN AN, GOUVÈNÈ HOCHUL RAPPLE VETERAN AK  
ANPLWAYE YO SOU KREDI TAKS KI GEN VALÈ AK EGZONERASYON POU  
NOUYÒKÈ KI KALIFIE YO KI TE SÈVI NAN MILITÈ**

*Kredi taks pou anboche yon veteran vo jiska 20,000 dola pou Nouyòkè ki elijib yo*

*Egzonerasyon taks sou pwopriyete jiska 50 pousan disponib tou pou Veteran  
New York yo*

Jodi a, Gouvènè Hochul te raple veteran New York ak anplwayè yo sou kredi taks ki gen anpil valè, egzanpsyón, ak ankourajman pou manm militè ki kalifye yo anvan Jounen Veteran an. Kredi Taks pou Anboche yon Veteran an, ki administre atravè Depatman Taks ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) Eta New York la, kapab vo yon valè jiska 20,000 dola pou Nouyòkè ki elijib yo. Veteran yo ka elijib tou pou egzanpsyón taks lokal adisyonèl ki ta ka diminye bòdwo taks sou pwopriyete yo jiska 50 pousan.

"Isit la nan New York, nou onore veteran nou yo non sèlman ak gwo respè nou ak rekonesans fòmidab pou sèvis yo, men tou ak pwogram soulajman taks ak ankourajman ki fèt pou ede yo pwospere". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap pwoche Jounen Veteran an, mwen ankouraje manm sèvis nou yo pou yo tcheke kalifikasyon yo pou avantaj lokal, eta ak federal yo, epi mwen remèsye yo paske yo pwoteje dwa ak libète esansyèl ki defini eta nou an ak nasyon nou an."

***Kredi Taks pou Anboche yon Veteran***

Biznis k ap anboche veteran ki kalifye yo ka elijib pou *Kredi Taks pou Anboche yon Veteran* New York la, ki vo jiska 20,000 dola pou chak veteran yo anboche. Biznis yo dwe anboche veteran ki kalifye yo nan Eta New York pou yon ane oswa plis pou omwen 35 èdtan chak semèn pou reklame kredi taks la.

Anplwayè yo ka touche yon kredi jiska 15,000 dola pou chak veteran kalifye ak 20,000 dola pou chak veteran andikape. Veteran ki kalifye yo dwe soumèt Fòmilè DTF-75, Afidavi Anplwaye a pou Kredi Taks pou Anboche yon Veteran, bay anplwayè pa yo pou sètifye elijiblite pa yo.

Biznis k ap rekrite ak anboche aktivman ta dwe vizite paj wèb [Kredi Taks pou Anboche yon Veteran](#) pou plis enfòmasyon.

### **Egzonerasyon Taks sou Pwopriyete Veteran yo**

Veteran New York yo kalifye pou egzonerasyon taks sou pwopriyete ki gen anpil valè nan men gouvènman lokal yo nan tout eta a.

Plis pase yon demi milyon veteran New York kounye a benefisyé egzonerasyon taks sou pwopriyete. Egzanpsyón ki pi komen yo ka redui chaj taks sou pwopriyete yon veteran nan tan lagè a 15 pousan, oswa jiska 25 pousan si veteran an te sèvi nan yon zòn konba. Anpil gouvènman lokal ofri tou yon egzanpsyón pou veteran Lagè Fwad ki rive jiska 15 pousan pou veteran ki te sèvi nan sèvis aktif ant 1945 ak 1991.

Toulede kategori egzonerasyon yo pèmèt pousantaj egzonerasyon an ogmante jiska 50 pousan si veteran an te andikape akòz sèvis militè li.

Depatman Taksasyon ak Finans lan bay tou soulajman taks sou pwopriyete a ki baze sou kantite fon ki kalifye ke veteran an te envesti nan pwopriyete a. Gras a lejislasyon resan yo, kounye a distri eskolè yo otorize pou yo ofri chak egzanpsyón sa yo.

Nan 679 distri lekòl ki nan tout eta a, kounye a 288 bay omwen youn nan egzonerasyon veteran ki disponib yo.

Paske kalite ak kantite egzonerasyon yo ofri yo ak dat limit aplikasyon yo varye, veteran yo ta dwe kontakte biwo evalyatè lokal pa yo pou jwenn detay sou fason pou jwenn avantaj taks enpòtan sa yo.

**Komisè pa Enterim Enpo ak Finans Eta New York la, Amanda Hiller, te deklare,** "Nan Jounen Veteran an, epi chak jou, nou fyè pou nou onore tout moun ki te sèvi nan lame nou yo avèk devouman ak bravou pou pwoteje libète nou. Nan New York, nou kontinye devlope sou angajman nou anvè veteran yo lè nou agrandi Kredi Taks pou *Anboche yon Veteran* Epi bay lòt avantaj tankou egzonerasyon taks sou pwopriyete."

**Viviana DeCohen, Direktè Divizyon Sèvis pou Veteran Eta New York la, te deklare,** "Nou konnen ke veteran nou yo retounen lakay yo apre sèvis ak konpetans ki gen anpil valè pou mendèv sivil la. Kredi Taks pou *Anboche yon Veteran* an ofri opòtinite pafè pou veteran New York yo itilize eksperyans inik ak konesans yo pou kontribiye nan mendèv la pandan y ap bay yon ankourajman pou anplwayè yo kontinye anboche, fòme, ak kenbe veteran yo."

Pou enfòmasyon kontak lokal yo, vizite sit wèb [Profil Minisipal](#) Depatman Taks Eta New York la.

Pou plis enfòmasyon sou kredi taks ak ankourajman yo, vizite [sit wèb](#) Depatman Taksasyon ak Finans lan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418